



Lis verifikasyon MA COVID-19



DISTANS SOSYAL

Asire >6pye ant moun yo

- Ranje chèz yo kidonk zòn travay la kapab gen distans 6 pye apa
- Enstale makè vizyèl pou ankouraje kliyan yo rete omwen 6 pye apa
- Amelyore vantilasyon pou espas ki fèmen yo (egzanp., ouvè pòt ak fenèt)
- Chanje lè poz ak manje, regle kantite moun yonsèl kote ak asire omwen yon distans fizik 6 pye
- Fèmen oswa rekconfigire espas komen travayè yo ak zòn dansite elve nan etablisman yo kote travayè yo siseptib pou rasanble (egzanp., sal repo, zòn pou manje) pou otorize yon distans fizik 6 pye
- Egzije kouvri figi pou tout kliyan ak travayè yo, sof lè yon moun pa kapab mete yon mask nan figi akoz yon kondisyon medikal oswa andikap Egzije pou travayè yo mete gan, blouz oswa wòb, ak linèt preskripsyon, linèt sekirite oswa pwoteksyon
- Enstale patisyon fizik ant estasyon travay yo lè sa posib
- Ankouraje metòd peman ki san kontak
-



PWOTOKÓL IJYÈN

Aplike pwotokòl ijyèn solid

- Asire aksè nan etablisman pou lave men sou chantye a, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòd sifizaman tan poz pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl
- Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)
- Mande pou chanje gan ak lave men anvan ak apre chak kliyan
- Pa pèmèt pataje zouti ak founiti ant travayè yo (sizay, peny, bwòs, elatriye.)
- Itilize kap pwòp pou chak kliyan
- Travayè yo ta dwe chanje an yon blouz pwòp ant chak kliyan. Konsidere itilize kap ak blouz jetab. Kap, sèvyèt ak blouz yo kapab re-itilize yo ta dwe lave ant chak itilizasyon.
- Dezenfekte tout zouti ant kliyan yo
- Afiche siy vizib nan tout chantye a pou fè travayè yo sonje pwotokòl ijyèn ak sekirite



PÈSONÈL & OPERASYON

Enkli pwosedi sou sekirite nan operasyon yo

- Limite sèvis nan cheve sèlman (koupe cheve, koulè, sechwa-bwòs ak tretman). Sèvis ki pa gen rapò avèk cheve pa otorize (sousi, koupe bab, epilasyon bouch, maniki, elatriye.)
- Bay travayè yo fòmasyon sou estanda sekirite, dènye enfòmasyon sou sekirite ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi sou sekirite
- Ajiste lè ak orè travay yo (ekip travay avèk diferan orè oswa chanjman nan arive/depa) pou diminye kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon Fèmen sal datant yo epi mande kliyan pou kliyan yo rete tann deyò oswa nan veykil yo jiskaske lè randevou yo rive
- Mande pou kliyan yo mete yon randevou alavans pou yo ka resevwa sèvis
- Kenbe yon jounal sou travayè ak kliyan yo pou sipòte swivi kontak yo (non, dat, lè, enfòmasyon kontak) si nesesè
- Retire akseswa ki pa nesesè yo (magazin, aparèy dlo oswa kafe pou kliyan yo, sal pou mete manto, elatriye.)
- Tout travayè yo dwe rete lakay yo si yo santi yo malad
- Travayè yo ki patikilyèman vilnerab nan COVID-19 daprè Sant pou Kontwòl Maladi (egzanp., akoz laj oswa lòt kondisyon medikal) yo ankouraje yo pou yo rete lakay yo
- Ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm yo poukонт ou oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon moun yo konnen oswa sispèk ki genyen COVID-19 bay anplwayè a
- Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrase kontak. Si yo enfòme anplwayè sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a pral enfòme Komisyón Depatman Sante Lokal (LBOH) nan vil oswa vilaj kote plas travay la lokalize epi travay avèk yo pou retrase posib kontak nan plas travay la ak konseye travayè yo pou yo izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka mande pou lòt travayè yo fè tès ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH
- Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan direktiv gouvènman an



NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Entegre pwotokòl ijyèn solid

- Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan sou chantye a (omwen chak jou ak pi souvan si posib)
- Kenbe jounal netwayaj la ki gen ladan dat, lè, ak nivo netwayaj la
- Dezenfekte souvan zòn ki gen anpil transpò yo ansanm avèk sifas yo manyen anpil yo (egz., manch pòt, twalèt)
- Nan sitiyasyon yon ka pozitif, fèmen chantye a pou yon netwayaj ak sanitasyon apwofondi nan plas travay la avèk gid CDC Dezenfekte zouti yo ant kliyan yo (egzanp., resipyen channpou, chèz ak apwi-pou-tèt, sizay, peny, bwòs, razwa, zouti pou kwafi)
-